

# Kijan pou mwen Mande NLRB pou Òganize Yon eleksyon avèk Bilten Sekrè?

Pou kòmanse pwosesis eleksyon an, ou ka fè yon petisyon sou fòm elektwonik sou sitwèb NLRB: <https://apps.nlr.gov/chargeandpetition/#/>. Ou ka depoze yon petisyon ak lòt dokiman nan biwo NLRB ki pi pre a. Petisyon an dwe montre li gen sipò omwen 30%anplwaye yo ki nan yon inite apwopriye. Yon inite apwopriye se yon gwoup travayè yo mete ansanm lojikman epi ki gen enterè nan travay la pou objektif reprezantasyon sendika.

Aprè ou depoze petisyon an, NLRB pral travay avèk moun ki konsène yo pou jwenn yon akò konsènan gwoup vòt apwopriye a, epi dat, lè, kote, ak lòt detay pou eleksyon an, ansanm avèk bezwen pou gen avi ak bilten yo nan lang etranje. Si moun ki konsène yo pa kapab dakò sou kèk nan detay sa yo, NLRB pral òganize yon odyans epi Direktè Rejyonal la pral fikse kondisyon annakò avèk rèk ak desizyon NLRB.

# Èske yon Sendika kapab Re-òganize San yon Eleksyon NLRB?

Anplis eleksyon yo NLRB òganize, yon patwon ka re-òganize yon sendika avèk volonte li si sendika a mande rekonesans epi ofri pou demontre sipò majorité avèk kat otorizasyon ki siyen oswa avèk lòt mwayen. Akò sa yo fèt deyò pwosesis NLRB.

# Nan Ki Lòt Bagay NLRB Kapab Ede Mwen?

NLRB kapab reponn anpil nan kesyon ou yo anrapò avèk djòb ou? Si ou depoze yon akizasyon, NLRB pral fè yon ankèt konplè sou akizasyon ou epi n ap pran yon desizyon sou merit akizasyon ou yo. Si pwoblèm ki konsène djòb ou vyole kèk lòt lwa, yon ajan NLRB pral ba ou referans pou ale nan ajans ki apwopriye oswa ki apwopriye yo. Nan kèk ka akizasyon yo ka vyole plis pase yon lwa, epi anpil ajans leta ak/oswa ajans federal kapab asiste ou.

# Kijan pou mwen Jwenn Biwo NLRB ki pi Pre a oswa kijan pou mwen Kontakte NLRB pou jwenn Èd?

NLRB gen biwo teren ki anpil kote nan peyi a. Ou kapab kontakte biwo ki pi pre ou depi ou:

- Ale sou sitwèb NLRB, ki gen ladan adrès ak nimewo telefòn pou chak biwo teren: [www.nlr.gov](http://www.nlr.gov).
- Avèk Aplikasyon Mobil NLRB, ou ka telechaje pou IOS oswa Android. Eskane kòd QR sa a pou telechaje Aplikasyon an ki gen ladan adrès ak nimewo telefòn tout biwo teren yo.
- Fason pou rele nimewo gratis NLRB: **1-844-762- NLRB (6572)**. Koutfil ou prale otomatikman nan biwo teren ki pi pre a Moun ki rele ki soud oswa ki mal pou tande epi ki vle pale avèk yon reprezantan NLRB ta dwe voye yon imèl ba [relay.service@nlrb.gov](mailto:relay.service@nlrb.gov). Yon reprezantan NLRB pral imèl moun ki fè demann lan pou bay li enstwiksyon sou fason pou pwograme yon koutfil nan sèvis relè.



1015 Half Street SE  
Washington, D.C. 20570  
844.762.NLRB •  
844.762.6572  
[www.nlr.gov](http://www.nlr.gov)  
Twitter:  
@NLRB  
[www.facebook.com/NLRBpage](http://www.facebook.com/NLRBpage)



KONSÈY NASYONAL RELASYON TRAVAY  
**Pwoteksyon Dwa Anplwaye**



[www.nlr.gov](http://www.nlr.gov)  
NIMEWO GRATIS  
844.762.NLRB  
844.762.6572

# Depliyon sa a la pou bay yon eksplikasyon jeneral pou anplwaye yo sou DWA yo nan ESPAS TRAVAY anba Lwa Nasyonal konsènan Relasyon Travay

## Kisa Konsèy Relasyon Travay ye?

Konsèy Nasyonal Relasyon Travay (NLRB) se yon ajans federal endepandan Gouvènman Etazini. NLRB gen de fonksyon: (1) ranfòse lwa yo pou asire travayè yo ka egzèse dwa yo libelibè anba NLRA san okenn deranjman patwon yo oswa sendika yo epi (2) òganize eleksyon avèk bilten sekrè kote travayè yo kapab chwazi si yo vle gen yon sendika ki pou reprezante yo. Lwa sa yo aplike pou pifò patwon ki pa fè pati nan gouvènman epi ki gen yon espas travay nan Etazini, tankou òganizasyon non-komèsyal yo, biznis ki pa sendike ak biznis nan eta yo ki gen lwa konsènan “Dwa pou Travay”.

## Ki Dwa Mwen Genyen Anba NLRA?

Anjeneral, travayè yo gen dwa pou reyini pou amelyore salè yo ak kondisyon travay yo, avèk oswa san patisipasyon yon sendika. Sa vle di ou kapab:

- Pale konsènan kondisyon travay ou avèk kamarad travay ou yo, piblik la, medya yo, oswa yon sendika (men ou pa ta dwe fè espere pou bay fo deklarasyon oswa pou angaje nan konduit ki ekstrèmman pwofàn, vilgè, oswa tapajè pou lòd nan espas travay la).
- Fè aksyon avèk youn oswa plis kamarad travay ou yo pou amelyore kondisyon travay ou depi, paregzanp, ou pote plent ki gen rapò avèk travay la dirèkteman ba patwon ou oswa ba yon ajans gouvènman oswa depi ou chèche èd yon sendika.
- Antre na yon sendika oswa fè etap nan lè ou pa nan travay pou ede yon sendika vin reprezantan anplwaye yo nan espas travay ou, epi ede yon sendika negosye pou yon kontra pou fikse salè ou ak lòt kondisyon travay ou.
- Chwazi pou fè okenn nan aksyon sa yo.

## Ki Kèk Egzanp Aksyon Patwon yo Pa Kapab Fè?

- revoke oswa retwograde ou, fè kondisyon travay yo vin grav, oswa menase pou fè aksyon sa yo kont ou, paske ou egzèse dwa ou anba NLRA, tankou paske ou depoze yon plent nan NLRB oswa paske ou pale avèk youn ajan NLRB konsènan yon plent.
- Entèdi ou pou pale avèk lòt anplwaye yo konsènan salè yo, kondisyon travay yo, oswa yon sendika pandan lè ou pa nan travay, tankou anvan oswa apre travay oswa pandan moman repo.
- Entèdi ou distribiye materyèl sendika pandan lè ou pa nan travay ak nan zòn ki pa travay la, tankou pakin machin ak sal repo yo.
- Menase pou fèmen espas travay ou si travayè yo chwazi yon sendika pou reprezante yo.
- Pwomèt oswa bay pwomosyon ogmantasyon salè oswa lòt avantaj pou dekouraje sipò pou sendika.
- Entèdi ou mete chapo, bouton, tichòt ak zepeng sendika nan espas travay la sof nan sikonstans espesyal.
- Kesyone ou sou sipò ou bay pou sendika oswa sou aktivite sipò ou nan yon fason ki dekouraje ou pou fè aktivite sa yo, oswa espyone dosye aktivite oswa rasanbleman pasifik ou yo anrapò avèk sendika.

## Ki Kèk Egzanp Aksyon Sendika yo Pa Kapab Fè?

- Menase ou pou fè ou konnen ou pral pèdi djòb ou sof si ou pa sipòte sendika a.
- Nan yon espas travay ki gen sendika, refize rezoud yon doleyans paske ou te kritike ofisyèl sendika a oswa paske ou pa yon manm sendika a.
- Refize ba ou referans yon anbochaj sendika pou yon rezon ki montre pratik diskriminasyon.
- Ankouraje yon patwon pou pratike diskriminasyon kont ou paske ou te kritike ofisyèl sendika oswa paske ou pa yon manm nan sendika a.

## Kisa Mwen Ta Dwe Fè Si Mwen Kwè Yo Vyole Dwa Mwen?

Si ou kwè yon patwon oswa yon sendika vyole dwa ou, ou ta dwe kontakte NLRB touswit. Ou pral kapab pale avèk youn ajan NLRB epi w ap kapab poze kesyon sou posib vyolasyon yo san prezans patwon ou, sendika za oswa nenpòt lòt moun ki okouran ankèt ou. Si ou chwazi, ou ka depoze yon akizasyon pou pratik travay enjis ki endike yon patwon oswa yon sendika te vyole dwa ou anba NLRA oswa dwa lòt kamarad travay ou. N ap bay yon kopi akizasyon an pou patwon oswa sendika ki anba akizasyon an. Nou pa kapab fè ankèt sou akizasyon yo san ou pa depoze yon akizasyon.

Ou ka depoze yon akizasyon depi ou ale nan yon biwo teren, pa lapòs, nan telefòn, oswa sou fòm elektwonik sou sitwèb piblik NLRB: <https://apps.nlr.gov/chargeandpetition/#/>. Si ou bezwen èd, youn ajan NLRB ap ede ou ranpli yon fòm akizasyon. Pa gen depans pou fè pou depoze yon akizasyon pou pratik travay enjis, ni ou pa bezwen yon avoka pou sa.

## Kilè Mwen Ta Dwe Kontakte NLRB?

Si ou kwè yon patwon oswa yon sendika te vyole dwa ou epi ou vle depoze yon akizasyon pou yon pratik travay enjis, anjeneral ou dwe depoze yon akizasyon avèk NLRB nan sis mwa apre vyolasyon an. NLRA gen yon eta preskripsyon sis mwa, sa ki vle di yon patwon oswa yon sendika pa kapab pote responsablite pou konduit Li te genyen plis pase sis mwa anvan ou depoze yon akizasyon.

## Kisa k ap Pase Apre Mwen Depoze yon Akizasyon pou Pratik travay Enjis?

N ap afekte yon ajan Konsèy la ki nan youn nan biwo teren yo pou mennen yon ankèt sou akizasyon an. Anjeneral ajan Konsèy la ap pran deklarasyon konfidansyèl sou sèman moun ki depoze akizasyon an ak nenpòt lòt temwen, epi l ap pran lòt dokiman enpòtan, tankou mezi disiplinè, lèt revokasyon, règleman patwon an, elatriye. Answit, ajan an ap mande patwon an oswa sendika a pou bay temwen pou deklarasyon konfidansyèl sou sèman ak dokiman pou sipòte defans li. Apre Direktè Rejyonal NLRB konsidere prèv sa a, si li jwenn patwon an oswa sendika a te vyole NLRA, l ap eseye rezoud afè a anvan li kreye yon plent fòmèl pou li ale nan pwosè. Yon aranjman ka endike pou anplwaye revoke a retounen nan djòb li, pou li resevwa peman salè li pèdi yo, ranvèsè lòt aksyon ki pa kòrèk yo, epi/oswa afiche yon avi pou fè anplwaye ki nan espas travay la konnen dwa yo.

Si li nesèsè pou gen yon pwosè, youn avoka NLRB pral prezante afè a ba youn jij lwa administratif epi li ka egzije pou anplwaye yo ak lòt yo bay temwayaj nan pwosè a. NLRB pa reklame peman pou sèvis sa yo. Men, si ou vle anboche avoka pa ou, ou ka fè sa.